

Wi-fi Yeruzhinji

Vachadzidza nezvemanetiweki eWi-fi yeruzhinji uye kubatsira kwaanoita uye njodzi dzawo. Asi kunyanya, vachadzidza kuti vazive Wi-fi yemahara kana iripo, vazive kuti zvakanakirei uye zvakaipirei kushandisa Wi-fi yemahara, vosarudza vaine ruzivo rwakakwana kuti vopinda here kana kurega Wi-fi yemahara.

Zvinhu

Mufananidzo Wemodhemu
Mapepa eKukura Kwenjodzi Yacho

Chii Chinonzi Wi-Fi?

Chikamu Chekutanga

Bvunza Vadzidzi Vako

Unoshandisa midziyo ipi kuti uende paIndaneti?

Midziyo iyi inopinda sei paIndaneti?

Mutambo Wekirasi

Wi-fi inzira inoshandiswa nemidziyo yakawanda kupinda paIndaneti. Wi-fi inoshandisa masaisai eredhiyo kuti midziyo ipinde paIndaneti pasina waya dzinobatanidza.

Ngatiti une mareputopu matatu mumba mako aunoda kuti apinde paIndaneti. Kuti udaro, unoda zvinhu zvinotevera:

1. Nzvimbo yekupinda nayo: Nzvimbo yekupinda nayo chinogona kuva chero chinhu chinotumira masaisai eWi-fi zvoita kuti ukwanise kupinda paIndaneti. Mudziyo wako unofanira kubata masaisai aya kuti ukwanise kupinda paIndaneti. Dzimwe nguva unofanira kupiwa mvumo (zvaka dai sekuva nezita rekushandisa nepasiwedhi) kuti upinde uye ushandise masaisai anotumirwa neNzvimbo Yekupinda Nayo (Access Point / AP).

2. Rhuta: Rhuta chinhu chinobatanidza midziyo yose (semuenzaniso makombiyuta, matebhureti, mafoni eserura) pane imwe nzvimbo (yaka dai sepachikoro, paraibhurari kana pamba pako.) Marhuta mazhinji ane nzvimbo yekupinda nayo yakaiswa maari (ona dhayagiramu iri pasi apa).

Marhuta ane daro raanopiwa (kazhinji risina kureba). Ndizvo zvinoita kuti kana mudziyo wako uri kure zvakananyanya nerhuta, masaisai eWi-fi anenge asina simba kana kuti anenge asitoripo. Uyewo, kana paine chimwe chinhu pakati pako nerhuta yacho (zvaka dai sechivako kana mudhuri wezvidhinha), izvi zvinoderedza simba remasaisai.

Kunyange zvazvo kubatanidza nerhuta kuchiita kuti ukwanise kupinda pane imwe netiweki, izvi hazvirevi kuti unobva watopinda paIndaneti. Kut i midziyo yakawanda iri panetiweki ikwanise kupinda paIndaneti, rhuta yacho inofanira kubatanidzwa nemodhemu.

3. Modhemu: Modhemu mudziyo unogadzira nzira uye unoita kuti urambe wakabatanidzwa naInternet Service Provider (ISP) wako kuti upinde paIndaneti. Unochinja masaisai anobva kunze panharaunda yaunenge uri kuti ave masaisai

anokwanisa kuzivikanwa nekombiyuta yako uye mimwe midziyo yemagetsi.

Kazhinji, rhuta uye AP chinhu chimwe chete chinobatanidzwa nemodhemu, pachishandiswa tambo inonzi Ethernet Cable. Ndizvo zvinenge zvichirehwa nevanhu pavanenge vachitaura nezvekuenda paIndaneti vachishandisa “tambo.”

Midziyo yemagetsi inotakurika inogonawo kushandisa masaisai aya kuenda paIndaneti, kunyanya kana usiri kushandisa netiweki yepachikoro, muraibhurari kana pamba. Maserura ndeumwe muenzaniso wemasaisai eredhiyo asina tambo ayo anokwanisa kusvika kure kudarika zvinoitwa nerhuta. Maserura anoshandisawo mimwe midziyo iri pazvivako zvikuru kuti ukwanise kupinda paIndaneti.

Chikamu Chechipiri

Bvunza Vadzidzi Vako

Wi-fi inobatsira pachii?

Wi-fi inokanganisawo zvinhu papi?

Ndezvipi zvimwe zvakashatira kushandisa Wi-fi pane kushandisa tambo pakuenda paIndaneti?

Nemhaka yei uchibva wabudiswa paWi-fi kana uchinge wabuda mune chimwe chivako?

Kusarudza Netiweki yeWi-fi

Chikamu Chekutanga

Bvunza Vadzidzi Vako

Manetiweki ese eWi-fi haana njodzi here? Nemhaka yei / nemhaka yei zvisina kudaro?

Udza Vadzidzi Vako

Dzimwe nguva, unonzi usarudze kuti unoda kushandisa netiweki ipi yeWi-fi. Zvakakosha kuti uzive kuti pane njodzi yakakura kana ukapinda paIndaneti uchishandisa netiweki isiri iyo. Semuenzaniso, manetiweki eWi-fi asina kuchengeteka ndeaya asingadi kuti upinde uchishandisa pasiwedhi. Kana uchishandisa netiweki isingadi kuti unyore pasiwedhi pakupinda, vamwe vanhu vari kushandisa netiweki iyoyo vanokwanisa kuona mashoko ako. Vanogona kuba mashoko aunotumira kana kuongorora zvaunenge uchiita.

Ukuwo, manetiweki eWi-fi akachengeteka uye akavimbika ndeaya anoda kuti unyore pasiwedhi kuti upinde, anokiyiwa, aye auine chokwadi chekuti netiweki yauri kuda kushandisa ndiyo ine zita racho. Semuenzaniso, ukapinda panetiweki inenge ichishandisa zita renetiweki yechikoro chako unoguma wava kuudza vanhu vasivo mashoko ako. Saka, manetiweki akachengeteka uye akavimbika ndiwo anonyanya kukudzivirira.

Chimwe chinhu chekufunga nezvacho inzvimbo inenge iine netiweki yeWi-fi yacho. Semuenzaniso, kana uri kunzvimbo inoonekwa mafirimu wobva waona zita renetiweki yekuchikoro kwako pafoni yako paunenge uchitsvaga Wi-fi yekushandisa, unogona kuona kuti netiweki iyoyo iri kuedza kutevedzera kana “kukopa” netiweki yekuchikoro kwako kuti ibe mapasiwedhi evadzidzi vasingazvizivi.

Paanenge uchigadzira netiweki yeWi-fi yakachengetedzwa nepasiwedhi, muridzi anofanira kubatidza makiyi eparhuta. Mazhinji acho akadai seinonzi Wired Equivalent Privacy (WEP), Wi-Fi Protected Access (WPA), kana kuti WPA2. Mapurogiramu aya anoita kuti mashoko anenge achitumirwa pasina tambo akiyiwe (kana kunyorwa “zvisingaverengeki”).

Kukiya kuti zvisaverengeka kwakaitirwa kuti zviomere matsotsi kuona zvaunenge uchitumira. Zvisinei, mapurogiramu ose aya (WEP, WPA, neWPA2), akaonekwa kuti anokwanisa kuvhurwa nematsotsi. Nokudaro, zvakanaka kuti munhu ashandise netiweki yakavimbika paanenge achitumira vamwe mashoko paindaneti.

HTTPS ndiyo inoshandiswa nemawebhusayiti kuti akiye mashoko anotumirwa paIndaneti. Kukiya kuti zvisaverengeka kunoita kuti vasinei nemashoko acho varege kuona mashoko aunotumira. Kunoita kuti mashoko awedzere kuchengeteka uye

kunokwanisa kushandiswa pabhurauza ripi zvaro nekuwedzera mabhii ekuti “https://” usati wanyora kero yeURL yaunoshandisa (sekuti https://www.mysite.com). Zvisinei, haasi mawebhusayiti ose anoshandisa HTTPS.

1. Unofanira kungonyora mashoko akakosha chete (akadai semapasiwedhi, nhamba dzemakadhi ekutenga nawo) pamapeji epawebhusayiti anotanga achiti HTTPS://
2. Mabhurauza makuru mazhinji ane zvekuratidza kuchengeteka zvine mufananidzo wekiyi nechekunotanga kunyorwa kero pakanzi HTTPS.
3. Zvisinei hazvo, hazvirevi kuti kana pane HTTPS unenge wachengeteka nekuti kune mamwe mawebhusayiti ematsotsi anoshandisawo HTTPS. HTTPS inoita kuti uchengeteke asi haikwanisi kuita kuti webhusayiti ive yakanaka.

Udza Vadzidzi Vako

Mamwe mazita emapurogiramu anoita kuti HTTPS ive yakachengeteka ndeanoti Secure Sockets Layer (SSL)/Transport Layer Security (TLS). SSL/TLS anoshandisa makiyi ekuti zvisaverengeka, ayo anoshanda sezvinongoita makiyi chaiwo. Kana ukanyorera shamwari yako mamwe mashoko pabepa ausingadi kuti azivikanwe nevamwe vanhu, chero munhu anenge anhonga bepa iroro anoona sikireti yako. Pane kudaro, ngatiti womupa makiyi ekuvhurisa, womutumira mashoko acho ari mubhokisi rakakiyiwa. Kana mumwe munhu akasangana nebhokisi racho, zvichamuomera kuziva zviri mubhokisi racho iye asina makiyi. Kana mumwe munhu akachinjanisa mabhokisi acho, uchaona kuti makiyi awapiwa haashandi. SSL/TLS anoshandawo zvakadaro, asi pari pawebhusayiti.

Zvinoratidza kuti bhurauza rakachengeteka here zvinotumirawo setifiketi rinonzi Extended Validation (EV). Masetifiketi eEV anopiwa kumawebhusayiti kuti ave nechokwadi chekuti muridzi ndiani. Mumabhurauza, dzimwe nguva zvinoratidza EV zvingava zita rewebhusayiti kana kuti munhu akarinyoresa wacho pedyo nepanonyorwa kero. Kana usina chokwadi nemamwe mashoko ari pawebhusayiti, unogona kutarisa woona kuti setifiketi yeURL inoenderana neURL iri pabhurauza pakanzi “View Certificate.” [Zvingabatsira kuti uratidze vadzidzi pasikirini kuti vangawana sei pakanzi “View Certificate.” Mabhurauza anogona kusiyana nzira yekuti usvike apa. Semuenzaniso, paChrome, pakanzi “View,” dzvanya “Developer” wozodzvanya “Developer Tools.” Kubva pakanzi “Developer Tools” dzvanya pakanzi “Security”, wozodzvanya “View Certificate.”

Bvunza Vadzidzi Vako

Paunenge uchipinda pane chero netiweki, unofanira kufunga nezvechii?

1. Unogona kufunga zvinotevera izvi: nzvimbo (kana kuti ndiani muridzi wenetiweki yacho), mapindiro (ndivanani vamwe vari panetiweki yacho), zviri kuitwa ipapo

(kana kuti zvauri kuita panetiweki yacho.)

Ndiani muridzi weWi-fi yekumba kwenyu? Yekuchikoro? Yepachitoro chekofi?

1. Vabereki vako / vanokurera ndivo varidzi veWi-fi yekumba kwenyu, vakuru vechikoro ndivo varidzi venetiweki yekuchikoro, uye muridzi wechitoro chekofi ndiye muridzi wenetiweki yepo.

Vanhu ava unovaziva pachezvako here? Unovimba nevanhu ava here?

1. Kurukura nevadzidzi vaone kuti vangavimba zvakadini nevanhu vakasiyana-siyana ava.

Udza Vadzidzi Vako

Unofanira kuziva uye kuvimba nemuridzi weWi-fi. Dzimwe nguva, unogona kuziva kuti muridzi ndiani kana ukatarisa paSSID yenetiweki yacho.

Service Set Identifier (SSID) izita rinopiwa kuWi-Fi yaunoona paunoedza kuishandisa. SSID inowanzoshandiswa kuratidza muridzi wenetiweki uye mamwe mashoko nezvenetiweki yacho. Asi unangwarira nekuti chero munhu (anoziva maitirwo azvo) anogona kugadzira SSID. Semuenzaniso, mumwe munhu anogona kugadzira SSID yakafanana neyaunoshandisa kuchikoro. Uhu hutsotsi hunoitwa panetiweki yakachengeteka uye inovimbika, asi zvichiitirwa kuba mazita nemapasiwedhi zvevanhu.

Kuziva kuti ndiani muridzi wenetiweki kunobatsira kuti uzive kuti yakachengeteka here. Kana iri yemunhu kana sangano raunovimba naro, unogona kuishandisa wakasununguka. Asi kana usingamuzivi, haufaniri kuishandisa nekuti hauzivi muridzi werhuta yaunenge uchipinda paIndaneti nayo. Nemhaka yekuti zvese zvinoitika panetiweki zvinodarika neparhuta, muridzi anogona kunge ari kuona kana kunyora pasi zvinenge zvichiitika.

Panoshandisa Wi-Fi, mudziyo wako unenge wakabatanidzwa nemimwe midziyo iri pedyo, uye netiweki iyoyo inobatana nemimwe yakawanda paIndaneti. Nemhaka yekuti mudziyo wako unenge uchichinjana mashoko nevamwe panetiweki iyi, zvakakosha kuti uvimbe nemimwe midziyo yaunenge wakabatanidzwa nayo — tiri kureva midziyo yose iri panetiweki yacho. Zvakafanana nebasa rechikoro ramunoita muri boka — unofanira kuvimba nevamwe vauri kushanda navo!

Kushandisa pasiwedhi kupinda panetiweki kunoderedza nhamba yevanhu vanokwanisa kupinda pairo. Izvi zvinoreva kuti uchakwanisa kuziva vanhu vari panetiweki yacho — vangave vemumhuri yenyu, shamwari dzako, kana vamwe vatengi pachitoro chekofi — pane kuti deno netiweki yacho iri yemunhu wese wese.

Iwe ndiwe unosarudza kuti unoda here kushandisa netiweki yausina chokwadi nayo zvichienderana nekuti unoda here kuti vamwe vazive zvauri kuita. Ungafunga kuti, Zviri nani ndezvipi kuti vamwe vaone zvandiri kuita kana ndichienzanisa nekushandisa netiweki iripo?

Bvunza Vadzidzi Vako

Unofanira kuverenga nhau paindaneti here / pabhurogu uchishandisa Wi-Fi yekumba? Yekuchikoro? Yepachitoro chekofi?

1. Tsanangura kuti kazhinji kacho mashoko anenge ari papeji yepawebhusayiti haana kunyanya kukosha. Zviri pachena kuti izvi unokwanisa kuzviita uchishandisa chero netiweki.

Unofanira kutumira mumwe munhu nhamba dzekadhi rako rekutenga naro uchishandisa Wi-Fi yekumba here? Yekuchikoro? Yepachitoro chekofi? Nemhaka yei?

1. Kurukura nevadzidzi kuti sei zvingava nani kuita izvi paWi-fi yekumba pane kushandisa Wi-fi yepachitoro chekofi. Kunyange zvazvo netiweki yepachikoro ichivimbika, kurukurai kuti sei zvingasaita kuishandisa apa nekuti mashoko acho akanyanya kukosha.

Unofanira kutarisa matsamba ako paWi-fi yekumba here? Yekuchikoro? Yepachitoro chekofi?

1. Kurukurai kuti sei zvingava nani chaizvo kuita izvi vachishandisa netiweki yekumba kwavo, zvichienderana nezviri mumatsamba acho. Semuenzaniso, vamwe vanhu vane maakaundi akawanda ematsamba avanoshandisa pazvinhu zvakasiyana-siyana (zvakaadai sekutengesa / kushambadza zvavanotengesa, matsamba ekuhama neshamwari).

Udza Vadzidzi Vako

Mashoko akanyanya kukosha, kusanganisira mapasiwedhi uye mashoko ekubhengi, anofanira kutumirwa kana kuverengwa panetiweki isiri yeruzhinji kana kuti yakachengeteka, pamawebhusayiti anoshandisa SSL/TLS pane kushandisa manetiweki eruzhinji. Mashoko asingafaniri kuzivikanwa nevamwe aya anogona kubiwa kana ukashandisa netiweki inoshandiswa nevamwe vanhu vausingazivi kana kuti vausingavimbi navo.

Tinogona hedu kutadza kutaura kuti mashoko akakosha ndeapi nekuti nyaya yekuvanza mashoko inyaya yemunhu nemunhu yaunofanira kusarudza pachako. Zvinganaka kutarisa nyaya iri sezvairi kuti uone kuti woshandisa netiweki yakaita sei.

Zvibvunze kuti unovimba nemuridzi wenetiweki here, unovimba nevamwe vari kuishandisa here, uye kuti mashoko erudzii auri uudza vamwe usati wasarudza kuti woshandisa netiweki yacho here kana kuti kwete.

Manetiweki Anobhadharwa Neemahara

Chikamu Chekutanga

Mutambo Wekirasi

Tapota ziva izvi: Zvimwe zviri muchikamu chino zvakaitwa pa “Basa rekuita #2: Kusarudza Netiweki yeWi-fi.” Tava kusiyira iwe kuti unoda here kudzikorora chikamu chino kana kuti kwete.

Udza Vadzidzi Vako

Sezvatabotaura, manetiweki eWi-fi yemahara ndeaya asingadi pasiwedhi kuti munhu apinde Kushandisa manetiweki asingadi pasiwedhi kuti upinde kune njodzi pamashoko aunotumirwa nekutumira vamwe.

Manetiweki eWi-fi akachengeteka ndeaya anoda kuti unyore pasiwedhi uye anenge akakiyiwa. Munhu akagadzira netiweki yacho ndiye anosarudza kuti okiya here kana kurega kukiya netiweki. Kukiya kunoita kuti mashoko ako aunotumira kana kutumirwa panetiweki yacho asaoneka, saka zvinova zvakaoma kuti tsotsi rinenge richishandisa Wi-fi iyoyo rione zvaunenge uchitumirwa kana kutumira.

Hazvirevi kuti kana netiweki yakikiyiwa mashoko ako anenge achengeteka. Asi zviri nani pane kushandisa netiweki isingadi pasiwedhi kuti upinde, zvisinei, tsotsi rinenge rashingirira rinogona kuwana nzira yekutora nayo mashoko nezvako.

Pane nzira nhatu dzinonyanya kushandiswa pakukiya manetiweki eWi-fi: Kune inonzi Wired Equivalent Privacy (WEP), Wi-Fi Protected Access (WPA), kana kuti WPA2. WEP neWPA zvava zvepasichigare uye manetiweki achiri kushandisa izvi haana kuchengeteka. Uyewo, zvakaonekwa kuti WPA2 ine maburi anogona kupinda nematsotsi.

Kuti uve nechokwadi chekuti netiweki yauri kushandisa yakakiyiwa zvakanwana, tarisa kuti mawebhusayiti auri kushandisa akakiyiwa pachishandiswa SSL/TLS.

Bvunza Vadzidzi Vako

Pane angafunga nezveimwe netiweki yakanga yakachengetedzwa nemapasiwedhi yaakamboshandisa here?

1. Imwe mienzaniso ndeyemaWi-fi ekumba, Wi-fi yekuchikoro, nemamwe maWi-fi anowanika panzvimbo dzeruzhinji dzakadai semakefa.

Pane angafunga nezveimwe netiweki yakanga isina kuchengetedzwa nemapasiwedhi yaakamboshandisa here?

Ko mienzaniso yemanetiweki akanga akachengetedzwa?

Udza Vadzidzi Vako

Unogona kutarisa pamasetin'i emudziyo wako kuti uone kana netiweki yacho yakakiyiwa kana kuti kwete.

Chikamu Chechipiri

Mutambo Wekirasi

Musati madzidza izvi, tsvagai paindaneti kuti muongorore marudzi ekukiya manetiweki aripo pamidziyo yakasiyana-siyana. Zvadarwo, ratidza vadzidzi kuti vangaziva sei kuti netiweki yakakiyiwa nechii. Semuenzaniso, paMacOS, dzvanya pakanzi System Preferences -> Network -> Select Wi-Fi -> Select Network Name. Pachikamu chakanzi Wi-Fi, pane mazita emanetiweki anozivikanwa uye chikamu chakanyorwa makiyi akashandiswa ipapo.

Udza Vadzidzi Vako

Makiyi acho haana kufanana. Kana netiweki isingadi pasiwedhi kuti upinde, chero munhu anokwanisa kuishandisa, uye hazvina chokwadi kuti ndiani muridzi wenetiweki yakadaro. Kujoina netiweki isina kuchengeteka kunokusiyana uri pamutanhiko, nekuti mashoko aunotumira kana kutumirwa, zvakadai semapeji nemapasiwedhi, zvinogona kuonekwa nechero munhu ari panetiweki iyoyo kana usina kushandisa SSL/STL.

Mutambo Wekirasi

Zvichienderana neruzivo rwemakombiyuta rwevadzidzi vako, unogona kusarudza kukurukura navo kushandisa Virtual Private Networks (VPN) semamwe makiyi avangaisa kana vachishandisa Wi-fi. Ona ma link eVPN ari muchikamu chakanzi Zvekushandisa uwane mamwe mashoko.

Kuziva Kukura Kwenjodzi Yacho

Musoro Wechikamu

Mutambo Wekirasi

Kamura vadzidzi kuitwa zvikwata zvevanhu 2-3. Ipa Vadzidzi Mapepa Akanzi Kukura Kwenjodzi Yacho: Vape Mapepa uye ipa boka rimwe nerimwe basa ravo rekuita. Ipa vadzidzi maminiti 5 ekuti vakurukure zviitiko zvavo. Zvadarwo, ita kuti zvikwata zvikurukure zvavawana. Mhinduro dzakanyorwa neruvara rwegirini pamapepa.

Basa Rekuita

Chikamu Chekutanga

Basa Rekuita

Kumbira vadzidzi vaite izvi:

1. Nyora chati yenguva dzerimwe zuva, woratidza manetiweki eWi-fi anenge achishandiswa panguva dzacho.
2. Kubva pamanetiweki eWi-fi anyorwa pachati, ita kuti vadzidzi vasarudze maviri uye vonyora mundima duku mbiri vachitsanangura netiweki yacho — ndiani zvekare akanga achishandisa netiweki iyoyo? Yakachengeteka zvakadini?
3. Kuwedzera pane izvi — pamanetiweki maviri asarudzwa — ita kuti vadzidzi vatsanangure zvakanakira kushandisa manetiweki aya uye njodzi dziripo pakushandisa.